

# Sante Konpòtmantal pou Adilt Sèvis nan Kay ak Kominote

## Kisa Sèvis Sante Konpòtmantal nan Kay ak Kominote (Behavioral Health Home and Community Based Services, BH HCBS) pou adilt ye?

BH HCBS pou adilt se sèvis retablisman ak byennèt pou moun ki soufri maladi sante mantal ak/oswa ki abize dwòg ak alkòl. Moun ka jwenn sèvis sa yo dirèkteman lakay yo oswa nan kominote yo.

BH HCBS bay sipò ki ede yon moun reyalize bagay li vle tankou yon pi bon vi sosyal, travay, oswa edikasyon.

BH HCBS disponib pou moun ki gen 21 lane ak plis ki enskri nan Plan Swen Sante ak Retablisman Kowòdone (Managed Care Health and Recovery Plan, HARP) Medicaid epi yo jwenn li kalifye apre yon ti evalyasyon.

Moun ki enskri nan yon Plan Bezwen Espesyal (Special Needs Plan, SNP) ka kalifye pou BH HCBS tou.


## Yon plan pou TOUT swen ou.

Plan Sante ak Retablisman yo se plan Swen Kowòdone Medicaid ki peye pou swen sante fizik ak konpòtmantal ou. Manm pèsonèl HARP yo, ki espesyalize nan sante konpòtmantal (pwoblèm sante mantal ak abi dwòg oswa alkòl), disponib pou koute ou epi travay ak ou.



Rele Plan Sante ak Retablisman Medicaid ou pou jwenn plis enfòmasyon ak pou konnen kijan ou ka jwenn aksè nan Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health, BH) pou adilt nan Kay ak nan Kominote a.


### Founisè lokal ou:



Department  
of Health

Office of  
Mental Health

Office of Alcoholism and  
Substance Abuse Services



## Sante Konpòtmantal

Sèvis nan Kay ak Kominote ka ede ou reyalize objektif ou gen nan vi ou ak patisipe plis nan kominote ou.

Pa egzanp, sèvis sa yo ka ede moun ak:

### Endepandans

Aprann pou viv chak jou ak fason pou viv ak lòt moun.

- Jwenn oswa rejwenn konpetans pou viv pou rankontre moun ak kreye bidjè
- Aprann kijan pou w defann tèt ou ak negosye relasyon yo
- Si sa nesesè, jwenn sèvis tretman ak retablisman nan pwòp kay ou

### Edikasyon ak Travay

- Sipò Travay Endividèl
  - Chwa nan objektif travay ak konsèy sou avantaj
  - Sipò pou jwenn ak kenbe yon travay
  - Sipò pou ede ou rete nan travay la epi kòmanse planifye karyè
- Sipò Edikasyon pou kòmanse, retounen, oswa gradye nan lekòl pou aprann konpetans pou jwenn oswa pou kenbe yon djòb

### Aprann Jere Kriz

Sèvis Relèv pou Kriz yo ede ou jere kriz sante mantal ak abi dwòg oswa alkòl nan yon anviwònman ki san danje.

- Vini yon kote ki san danje pou rete nan kominote a epi jwenn sipò moun ki te viv eksperyans ak pwoblèm sante mantal ak abi dwòg oswa alkòl.
- Aprann kijan pou ou jere pwoblèm ak kijan ou ka anpeche kriz pi dedvan

### Sipò Fanmi ak Moun ki te nan Menm Sitiyasyon an

Jwenn èd nan men moun ki te la dejà

- Jwenn sipò nan men moun ki nan retablisman
- Bay fanmi ou ak zanmi ou konesans pou ede kore ou